



**DISTRI LEKÒL REJYON
PALM BEACH, FL**

**BRADLEY S. L. HENRY
DIREKTÈ**

**MICHAEL J. BURKE
SIPÈNTANDAN**

PALM BEACH VIRTUAL SCHOOL
9482 MAC ARTHUR BLVD.
PALM BEACH GARDENS, FL 33403

EDWARD C. TIERNEY
SIPÈNTANDAN ADJWEN/DIREKTÈ JENERAL LEKÒL YO

PHONE: 561-790-9820 / FAX: 561-963-3845
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

15 mas 2024

Chè Paran ak Responsab:

Lwa Florid ofri plizyè opsyon atanpasyèl ak aplentan pou kou edikasyon vityèl kòm yon pati nan chwa edikatif pou klas Jadendanfan rive nan 12^{yèm} ane. Pou ane lekòl 2024-2025 la, peryòd enskripsyon pou pwogram edikasyon vityèl yo, endike anba la a. *Palm Beach Virtual School* ofri kou yo avèk *District Franchise of Florida Virtual School, Imagine Learning (Edgenuity) Virtual Academy, K12*. Yon Konpayi Stride, ak kou distri a devlope nan Canvas.

Peryòd enskripsyon pou edikasyon vityèl pou ane lekòl 2024-2025 la se jan sa endike la a:

- Enskripsyon aplentan K-5 ap kòmanse 15 avril 2024 jiska 15 jiyè 2024
- Enskripsyon aplentan 6-12 ap kòmanse 15 avril 2024 jiska 23 out 2024
- Enskripsyon atanpasyèl 6-12 ap kòmanse 15 avril 2024 jiska 14 fevriye 2025

Edikasyon vityèl se youn nan plizyè opsyon chwa ki disponib pou elèv klas Jadendanfan rive nan 12^{yèm} ane atravè Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la. Atravè *Palm Beach Virtual School*, elèv K-12 ki elijib ap patisipe nan eksperyans aprantisaj ki antyèman akredite pwofesè Florid ki sètifye ap gide.

Si pitit ou aktyèlman enskri nan yon lekòl piblik, nou rekòmande pou travay depre avèk konseye aktyèl lekòl la avan w enskri nan yon kou vityèl atanpasyèl.

Tanpri, vizite www.palmbeachvirtual.org pou enfòmasyon detaye sou pwogram nou yo. Si w swete diskite sou opsyon edikasyon vityèl yo, estaf *Palm Beach Virtual School* disponib nan (561)790-9820.

Eskane Kòd QR sa pou aprann pi plis:

Sensèman,
Bradley S. L. Henry
Bradley S.L. Henry



Distri Lekòl Rejyon Palm Beach
Yon Distri Lekòl k ap Byen Pèfòme
Yon Enstitisyon ak yon Anplwayè ki Ofri tout Moun Menm Opòtinite nan Edikasyon